

Apokalips Chapit 4, Premye Pati

60-1231 Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana,
Etazini

1 Amèn. Lwanj pou Seyè a. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]...menm. Mwen panse ke se atitid anpil moun. Li trè bon, jèn sè a ki la, dènye kouplè sa a. Mwen apresye sa. Epi nou...antan n ap antre nan Nouvèl Ane a mwen pa panse ke ou te ka chante anyen ki pi bon, ki pi apwopriye pou aswè a.

2 Sanble n ap kòmanse ane a byen; en-en, bon epi lanèj ak move tan deyò a, tan ki sanble ak tan Indiana nan moman sa a nan ane a. Alò nou menm ki soti Georgia mwen wè isit la, epi nan Ohio. Kounye a, Frè Dauch, ou menm ak Sè Dauch nou konnen kisa sa ye, se menm jan ak Ohio. Epi...men, nou pral nan yon Peyi kote p ap gen anyen nan sa. En-en. Men bagay la.

3 Sa a se lavèy Nouvèl An, aswè a. E, natirèlman, tout moun gen yon ve ki ekri ak yon angajman ou pral fè pou Nouvèl An, epi apre demen yo tout pral brize. E alò, ou konnen, ou vire yon nouvo paj chak ane, epi ou vire l tounen nan denmen maten, ou refè l ankò.

4 Men gen jis yon bagay ke—ke mwen ta renmen di, e ke se tankou apot Pòl te di: “Bliye bagay sa yo ki nan tan pase, tout erè m yo ak tout bagay sa yo ke m te fè, m ap kouri nan direksyon mak vokasyon selès la nan Kris.” Sa se sèl regrè ke mwen genyen se erè mwen yo lane pase a, ak pati ki nan lavi pase m, epi mwen sèlman mande L avèk imilite favè pou m kouri nan direksyon mak vokasyon selès la. Mwen sèten ke se temwayaj nou tout, nou tout santi n konsa.

5 Mwen regrèt ke li fè move tan aswè e—e moun yo pa t ka vini. E mwen te rele frè Neville, mwen pa t menm konnen si li te kapab rive isit la oswa non. Epi Frè Skaggs vini, e li soti byen lwen nan Kentucky kote li twa pye oswa pi plis laba a. E konsa... Oswa, “Apepre *konsa*,” li di, alò li te gen yon fèmme ki te rale l soti nan nèj la pafwa epi ki te mete l anlè ti mòn lan ak yon traktè. E alò mwen te panse: “Ebyen, si se jis de oswa twa pous, sa p ap deranje nou, en-en, osi lontan ke li konsa.” Men wout yo pratikab e tout moun ap pase sou yo.

6 Bon, natirèlman, aswè a se yon sware kote nou tande yon varyete de minis, diferan sa yo ki vini. E yo pral pwobableman vin sot nan diferan kote aswè a, jiska minwi. Mwen panse ke yo

pral prepare yo epi siveye si...pou Nouvèl An ki pral...konmanse, epi ansyen an k ap fini. E anjeneral yo fè apèl a lotèl epi yo priye epi—epi yo fè ve yo bay Bondye epi yo renouvle ve yo—yo.

7 Mwen te di Frè Neville...Epi mwen te rele l pou wè si l t ap vini. Mwen te di si li pat vini, mwen t ap eseye kenbe reyinyon an omye ke m te kapab. Epi si li pa t kapab vini isit la maten an, ebyen, mwen t ap kontinye fè tout sa m te kapab pandan ke li te—li pa t isit la. E mwen te di l mwen t a pral eseye aswè a, panse apwopo jis gen apepre yon mesaj kenz minit, oswa yon bagay konsa. E, nou wè ke nou gen plizyè lòt minis chita isit la, ap tann.

8 Alò mwen te...panse mwen ta kòmanse epi jis kontinye nan Liv Apokalips sa a, jis kontinye desann, pran chapit 4 la kounye a, pou kòmanse. E si nou pa arive pase atravè li nan tan sa a, pwochen fwa a nou va kontinye sou li. Epi ale nan chapit 5 lan, ak 6 la, e jis otan ke nou kapab. Se pou Seyè a ede nou travèse l.

9 Mwen vle di, anvan nou kòmanse, ke te gen...te gen yon vizit toutalè a de—de... Frè Drummond Thom ak madanm li. Sa se manman l ak papa l ki chita isit la aswè a. E yo jis retounen soti an Afrik kote yo te gen gwo sèvis sove nanm ak sèvis gerizon Divin. Ti dam sa a te pran li...Mwen kwè plas grann li, lòt jou a, epi li te gen yon sèvis nan prizon, epi pechè te vin jwenn Seyè a, ak tout bagay. Se te jis bèl bagay ki jan Bondye ap itilize jèn koup sa a. Yo isit la kounye a an Amerik pou yon ti tan pou fè kèk evanjelizasyon.

10 Si nenpòt nan nou pastè...Mwen vle ekri Frè Drummond yon...Drummond, mwen, wi, mwen melanje non sa nèt. Poukisa li pa t ka jis te pran yon bon non angle epi bliye sa? Ann jis ba li yon nimewo, kisa w di, paske mwen pa ka deme sa, non. Mwen pa panse ke mwatye nan nou ka rive fè l. “Drummont,” Mwen panse ke, se bon fason ou pwononse li; ak Sè Charlotte. Si nenpòt nan nou ta renmen envite yo, mwen ta sètènman renmen tandè ke yo t al nan legliz ou.

11 Dam sa a, Sè Charlotte sa a, li se jis yon timoun. Li t ap bay temwayaj anwo a la a toutalè a, a Meda, sou eksperyans la ke yo te genyen an Afrik, e mwen di w se te... Billy, li te pote ansyen tan yo tounen ankò; sa te sonnen tankou li t ap pale Afrikaans. E kifè, batay la se menm jan laba a tankou l ye isit la.

12 Si yon moun ta renmen genyen Frè Drummond pou yon...ak Sè Charlotte, pou yon kanpay nan legliz yo, si ou ta vle, jis rele Frè Tony Zabel la nan MEIrose 7-3945. Si ou ta renmen ekri l, kèk nan nou minis yo, mwen sètènman rekòmande Frè...Paske li se yon bon predikatè, yon gason sensè, ki reyèlman bezwen yon bourad, pou kòmanse. Epi li entepid, bon ti gason, e mwen renmen l anpil. Kounye a, nou sonje, MEIrose 7-3945. E mwen pral kite ti kat sa a isit

la, kote ke si ou...Sa se kat yo, epi si ou t a rive pa kapab ekri nimewo a, ebyen, ou ka vin pran l, oswa nenpòt kilè apre poz ki genyen ant diferan sèvis yo aswè a. Epi pran nimewo yo epi rele yo si ou ta renmen gen yo nan kèk nan legliz ou yo pou yon reyinyon, oswa yon moun ke ou konnen ki ta renmen genyen yo, paske yo jis ap travèse Amerik la.

13 Eske se pa yon bagay? Lafrik gen pou voye misyonè isit la an Amerik! Sa se plas la yo bezwen, isit la, pi mal pase sa li ye laba a.

14 Alò konbyen moun ki nan lajwa ak kè kontan Seyè a te epaye diran yon lòt ane? E men nou, ki vini jouk nan fen wout la. Epi nou priye pou Bondye padone nou tout peche nou yo ak enpèfeksyon nou yo.

15 Kounye a, mwen vle di sa anvan mwen kòmanse. Mwen swete, pou nou chak nèt, yon nouvèl ane ki gen plis siksè, benediksyon ak sante ke mwen ka swete nou. Ke Bondye avèk nou! Se pou nou grandi alafwa fizikman, e esprityèlman, e finansyèman, e materyèlman. Tout sa Bondye ka pote pou nou, mwen priye pou L fè l.

16 Kounye a, m ap fè fas a yon nouvèl ane, pou tèt pa m, Bondye sèlman konnen sa lavni rezève pou mwen. Epi desizyon nou yo dwe fèt touswit. Nou gen tout bagay nou yo pou n fè. Frè Jim, anwo a, te pare sa kounye a, pou envitasyon ak bagay ki soti nan entènasyonal, atravè lemonn; pou wè ki kote Seyè a ap mennen nou. E mwen sètènman mande priyè nou, pou nou lapriyè ak tout kè nou pou Bondye pa janm kite m ale nan yon move direksyon. Mwen—mwen...Nan nenpòt bagay mwen vle ye, se sensè epi pa janm ale nan yon move direksyon. E kounye a, mwen te pase yon bòn ane.

17 Anpil fwa, moun mal konprann. E lè yo di: “Frè Branham, ou se—ou se...ou pa ale nan plas yo tankou ou te konn abitye fè, e tankou lòt minis sa yo fè, epi yo gen tout....” Mwen—mwen te aprann yon sèl bagay, aprann yon leson nan Bib nou an ak nan men Seyè nou an, ke Jezi pa t yon nonm k ap fè espektak. Li—Li pat gen sa, Li pa t gen kote fè espektak la. Ou wè, Li—Li pa t yon nonm k ap fè espektak, ditou. E mwen pa kwè ke disip li yo te konn ap fè espektak. Janmè yo pat janm prezante tèt yo kòm moun k ap fè espektak.

18 Se la mwen panse nou manke bato a anpil jodi a, (Petèt se jis pwòp lide pa m.) ke, lè nou dwe fè yon gwo ekla sou tout bagay, ou konnen poukisa, mwen panse ke li sanble plis a yon espektak olye kote sakre a.

19 Eske nou te remake nan vini Seyè a, moun ki te reyèlman resevwa l? Se te Simeyon, pèsonn pat janm tande anyen sou li, men li t ap chèche Seyè a. Avèg Anna, nan tanp lan. Jan Batis, nan dezè a. Ak moun ki...

20 Jan te ale nan dezè a lè li te gen nevan, li pat janm parèt ankò jouk li te gen trantan; nan dezè a. E moun konsa ki te kwè an kachèt, epi ki te rete enb, yo t ap tann vini Seyè a. E yo pat janm fè gwo ekla ak reyinyon yo epi pou yo te dwe mete sa sou gwo ansèy (“Lè a[H1] ! Moman an!”) ak—ak televizyon ak tout bagay. Se kòrèk pou sila yo ki vle fè l konsa, men, pou mwen, sa pa sanble ak Kris la.

21 Mwen konnen yon fwa frè l yo te di l, yo di: “W ap fè mirak sa yo ak bagay sa yo, poukisa W pa moute isit la nan—nan Jerizalèm?” E nou pral moute nan fèt Pak jwif yo, rele Kayif, granprèt la, ak tout moun sa yo, epi fè yo konnen. Fè l devan yo konsa, pou yo ka wè Zèv ou yo. E kounye a, ou wè, poukisa W ap pèdi tan w ak yon pakèt moun k ap fè lapèch, e latriye, laba a nan rivyè a, ak moun nan klas enferyè sa yo? Ki sa...Poukisa ou pa leve tèt Ou isit la epi kite mond lan wè li?” Ou wè?

22 Jezi di: “Lè pa nou an toujou la, lè pa M lan poko rive.” En-en. Ou wè?

23 Yon fwa Jan...Jan Batis, Ekriti yo—yo te pale de vini li an. E yo di: “Lè l vini, ke...” Ebyen, Ezayi te di, anviwon sèt san douz lane anvan li te fèt: “Ta gen vwa sila ka p kriye nan dezè a.” E li di: “Tout mòn yo sote tankou ti mouton, tout fèy yo bat men yo, kote ki wo yo te bese, epi kote ki ba yo te vin wo.”

24 Pwofesi sa yo! Ki sa ou panse minis nan jou sa a...Lè yo li sa, yo dwe te di: “O, la la! Lè gran pwofèt sa va vini, tout moun pral konnen l. Bondye pral jis blayi tèt kay an vit syèl la, koridò Syèl la ap desann, yon charyo dife ap desann, yon bann zanj pral eskòte l jouk sou tè a.”

25 Lè l te vini, se te yon vye predikatè ak bab ak yon moso po mouton vlope sou li, ak yon moso kwi kòm senti. Pwobableman li pa janm pran yon beny; chak twa oswa kat mwa. La nan dezè a, li te vini, kanpe nan labou, jouk nan jenou, ap preche: “Repanti, paske Wayòm Syèl la toupre!” Li pa janm ale nan okenn vil. Si yon moun te vle tandè l, yo te vini bò rivyè Jouden an pou tandè l, sila yo ki vle. Kisa li te fè? Li souke nasyon an, li souke mond lan.

26 Gen yon sekous kap fèt ke pèsonn pat okouran. Lè Jezi vini, li pat janm te prezante l nan mitan gwo shabrak yo. Li vin pou moun li yo, ki t ap chèche l yo. Men kot sekous la vini. Se sa l fè jodi a. Sentespri a vin pou moun ke Bondye te rele yo. Gen yon gwo sekous pami eli yo. Bagay ekstraòdinè, bagay pwisan ap pase, men mond lan pa okouran de anyen.

27 Yo panse, tout gwo bagay chaje flè sa yo, ak bann emisyon atravè lemond, ak televizyon, ak bilding milyon dola, e tout bagay sa yo, ke se bagay sa yo kap byen pase. Sa a se sotiz nan je Bondye. Bondye pa gade bagay ekstravagans. Sa ke moun rele “sotiz”, Bondye rele l

"Ekstraòdinè"; epi sa ke moun rele "ekstraòdinè", Bondye rele l "sotiz." "Li te pran plèzi, atravè estipidite predikasyon an, pou l te sove sila ki te pèdi yo."

28 Koulye a, Jan. Kisa w panse yo di? "Gen yon fanatik deyò a la a, yon vye nonm ak figi l chaje ak bab, ki sot nan dèze a vlope ak yon po mouton toutotou l. Epi, poukisa, li kanpe nan labou, pye atè, deyò a bò rivyè Jouden an, epi tap fè tout bagay sa yo la ba a. Ki moun ki janm te tande pale de yon tèl bagay? "

29 Lè Jezi vini. "Yon Mesi, ki te fèt la ba a nan yon etab, sou yon pil pay, ak-ak betay ki tap apwoche toutotou de li? Epi-epi w vle di ak yon manman ... Ilegitim, alòs ke papa l... Manman l ta dwe manman anvan yo te menm marye, se kisa, Li te fèt an deyò sen lyen maryaj la. Kanmarad sa a? " Oo, may! Ou wè? Men, li te Gran, yo jis pa t konnen l. Ou wè? Yo pa t konnen li.

30 Epi se menm jan an Levanjil la ye jodi a "Ekstraòdinè". Epi Levanjil la ap bay sekous tankou l pat janm souke anvan, men Li bay sekous nan rès la. Se vre, ap fè yo prepare yo.

31 Li te vin pou sak te pou li yo, Yo pat t resevwa l. Li te di disip li yo: "Pa ale kot moun lòt nasyon yo, men ale pito bò kot brebi Izrayèl ki pèdi yo. Epi, lè w va ale, moun ki resevwa w la se mwen l resevwa. Lè w antre nan yon vil, ke yo pa resevwa w, souke pousyè pye w epi vire do w ale. Epi an verite m di nou, Sodòm ak Gomò ap bi byen trete nan jou Jijman an ke sa k pral pase vil sa a. " Epi tout vil sa yo ki te refize mesye sa yo antere anba sann jodi a. Tout sa yo ki te resevwa yo, toujou kanpe tankou yon flèch. Se vre, ou wè. Li pran yon bon bout tan pou reponn; men Bondye reponn, pa enkyete w. M poko kòmanse sou sa a ankò, M pap janm antre nan Revelasyon an. Oo! Oo, m vle wè l, gade figi l, La baa poum chante pou tout tan gras delivrans li ya; Sou wout Laglwa a kite m leve vwa m; Lè tout traka fini, nou lakay anfen, nan kè kontan pou tout tan.

32 M renmen sa. Ann bese tèt nou jis yon moman. Èske w ta renmen kanpe anvan w fè l? M- M panse ... Bib la te di, "Lè w kanpe, pou lapriyè, padonnen." Konbyen ki gen yon rekèt ou ta jis jis leve menw pou fè konn sa? Sonje byen, Bondye wè l, Li konnen tout sou sa.

33 Papa nou ki nan Syèl la, n ap apwoche Sentete diven w lan nan non Seyè Jezi a, non sa ki sifizan an limenm ki te bay isit la pami lèzòm, ke menm fanmi ki nan syèl la e sou latè yo tout te rele "Jezi."

34 Epi nou priye, Seyè, pou ke w ta resevwa remèsiman nou. Premyèman, pou kòmanse, ane sa a kap mouri a... jan nap remèt li a aswè a nan sèvis la, remèt li nan lwanj, nan etid Pawòl ou epi konn ki sa ENSI DI SEYÈ a vle di. Konbyen bagay nou ta ka mete sou papye poun di nou rekonesan! Ti kras, fason poun chape nou yo ke n te gen ane sa a, kote Satan te ka toufe

lavi nou , men Ou poko fin ak nou ankò. Konsa nap kontinye ap avanse. Nou kwè, Seyè, ke n te fèt epi elve nan mond sa a pou sèlman onore w e glworifye w.

35 Epi nou priye, Papa, Pou ta padonnen nou pou tout peche ak tout erè ke n te fè pandan travès a. Ann bliye erè nou yo aswè a pandan ke nap konfese yo, antere yo nan lanmè bliye Bondye a, nan non Senyè Jezi a, pou yo pa janm detere ankò; men kounye ann depeche n nan direksyon objektif sa a, pou Nonm pafè sa a, Kris Jezi. Akòde nou l aswè a, Papa.

36 Pandan ke sèvitè w yo ap pale, chak nan yo, ke w wenn yo ak Espri Lavi a, epi ke yo preche jan ke yo pat janm fèl anvan, epi pote mesaj yo nan legliz la aswè a.

37 Epi nou te rasanble isit anba ti twati kay sa a, ke nou rekonesan pou li a, Seyè. Nou rekonesan ke n gen yon dife cho pou nou chita bò kote l, pou yon twati nou gen sou tèt nou, se tout sa ki nesesè.

38 Paske trezò nou yo pa nan mond sa a, se nan mond ki gen pou vini an. Bondye, nou repoze n sou anwo a kote nou kwè ke vòlè pa ka kase pou vòlè, e vè pap kòwonp l, paske trezò nou yo se lavi etènèl. Epi nou priye, Papa, pou ou kite nou cheri sa tout lè jou nan lavi nou.

39 Fè nou dè sèvitè solid . Wete tout sa ki mal nan nou, Seyè, tout sak pase yo. Mete l ... ke tout rasin malis ak tout amètèm soti nan lavi nou, pou nou ka enb e dous devan w. Akòde li, Seyè. Pèmèt ke nou gen pi gran ane ke n te janm gen anvan, ane sa a kap vini a. Akòde li. Ban nou kounye a, aswè a, Pawòl ou pandan nap fon on ti tann mesaj ou yo. Nan non Jezi nou priye. Amèn. Nou mèt chita.

40 Kounye a, li yon jan difisil pou m wè revèy sa a kotem nan la a, e M pa vle fè frè m yo tann, konsa M pral eseye depeche m osi vit ke posib epi fè pati sa a soti. Epi, petèt, si n pa fini, alòs, demen maten nou pral eseye petèt kontinye, si Seyè a vle. Epitou, si Frè Neville pa desann, oswa kèlkeswa sa l ye a, ebyen, Lè sa a, M pral eseye, si Seyè a vle, kontinye ak yon sèvis lekòl di Dimanch.

41 Bon, pa bliye kounye a: Priye, priye, sèl fason ... pou rive nan rejyon ki pi wo yo; Priye, priye, priye lafwa a ap fè benediksyon Bondye desann.

42 Se sèl fason wap kap fè l menm. Ann chante l ansanm. Nouvèl Ane sa a kounye a. Nou te gen anpil tan. Ann priye, priye, sèl fason pou n atenn rejyon pi yo a; Priye, priye, priye lafwa a ap fè benediksyon Bondye desann.

43 Donk si priye lafwa a fè benediksyon Bondye yo desann, ann kontinye priye. Tèlman kontan, aswè a, nou te gen nouvo figi nan Wayòm Bondye a ki pa t la a lane pase. Epi m, jis

kontinye ap priye ke gen de plis an plis ki pral ajoute tout tan tout tan an. E mwatye sa k pral lòt bò a, pat janm te ko di deja.

44 Koulye a, nou pral louvri nan 4yèm chapit Revelasyon an. Èske gen moun ki bezwen yon Bib? Nou te gen kèk Bib isit la si w ta renmen swiv ak nou. Dakò, youn nan dyak avanse kounye a, nou jis te gen tout yon seri antye Bib isit la. Youn nan administratè yo, dyak yo, oswa nenpòt sal ye, vin touswit la a. Frè Zabel; kite yon lòt vin tou. Si w vle jis pran tou de bò yo, epi nap kontinye tou dwat. Epi nenpòt moun ki vle yon Bib, pou swiv ansanm ak nou, konsa, jis pran yo anba la a epi bay nenpòt moun ki vle yo. Epi nou vle w ale kounye a nan Apokalips, 4yèm chapit la.

45 Epi, koulye a, si w te chita dèyè epi w vle avanse pi devan isit la, nou jis te gen anpil plas aswè a pou ka avanse devan. Epi pou santi w alèz, e jis rantre dwat nan leson an e ede m li l, e etidye l pandan ke nou reyini ansanb. Gen plas bò isit la. M wè yon koup kap vini. Epi men gen de plas jis la a. Men youn jis la a pou sila ki poukont li a. Epi jis dèyè a la a gen kote pou moun chita. M devine ke vantilatè yo jis jan an inivèsèl.

46 Epi koulye a, konbyen nan nou ki te renmen leson ke n te fèk genyen an, uit jou leson sou sèt aj legliz la? Mèsi. Sa fè m santi m byen, paske m te reyèlman jwenn yon gwo benediksyon nan yo mwen menm tou.

47 Koulye a, aswè a ak 4yèm chapit la, nap dekolè kounye a, Jan te pale ak laj Legliz Lawodise a. Epi, nan laj Legliz Lawodise sa a, se te laj legliz ki te pi andezòd ke tout lòt rès yo.

48 Epi nou te jwenn bagay ki pi tris nan dènye pati laj Legliz Lawodise a, Jezi kanpe deyò pwòp legliz li kote yo te mete l deyò, ap frape nan pòt la, ap eseye rantre. Èske se pa peche sa ? M panse ke se youn nan ekriti ki pi tris ke m te janm li. Jezi, dèyè do pwòp pòt li, e legliz li menm mete l deyò, epi l tap eseye retounen anndan sèlman pou sove yo. "Nenpòt moun ki pral louvri, pou kite m retounen nan pwòp kay mwen, M va soupe avè l, e limenm avè m." Eske se pa yon ... eske se pa tris? Bondye nan syèl la, ke yo met deyò nan pwòp legliz li, ak kwayans yo e denominasyon yo epi fason ke yo tap fè. Mete yo deyò ...yo mete l deyò nan legliz la, yo aksepte kwayans pa yo.

49 Se menm bagay la tankou jou yo te krisifye Jezi sou kwa a. Epi se te lè sa a yo te aksepte Barabas, yon ansasen, epi yo te krisifye Jezi. Yo te libere yon ansasen nan mitan yo, ki te pwouve l "yon ansasen," e aksepte ... epi rejte Jezikri la, Ki se sèl moun ki ka ba yo lavi.

50 Epi se menm bagay la chak denominasyon, epi denominasyon pannkotis la, te gen jodi a. Yo wè ke denominasyon sa yo mouri osi rapid ke yo denome. Pa janm te gen yon sèl (nan-nan paj sa yo nan listwa) ki janm denome e ki te janm fè anyen lòt ke mouri imedyatman. Tout

siy yo, mirak yo, ak don yo te kite yo, ak tout lòt bagay yo, osito ke yo denome. Epi olye pou te aksepte Seyè Jezi a pou ba yo lavi, yo te tounen tou touswit epi yo te lage Barabas nan mitan yo ankò. Eske se pa yon bagay terib? Se pa etonan ke yo te met Bondye deyò nan legliz li a, epi l kanpe, ap frape, dènye laj legliz la, ap eseye antre anndan.

51 Koulye a, nou jwenn ke Revelasyon te bloke an twa pati. Premye a se twa premye chapit yo, ki konsène Legliz la, Mesaj la, anj lan ... pou anj laj Legliz la. E de la ... Apre sa Li disparèt la menm nan 3yèm chapit la, li pa parèt ankò jouk nan 19yèm chapit la, nan 19yèm chapit la Li retounen. Pandan tan sa a, Bondye ap fè fas ak jwif yo. Apre, depi lè sa a, se ant vini gran vil Jerizalèm lan ak depa pèp Izrayèl la, elatriye, nan fen tan an.

52 Kounye a, se konsa aswè a nou kite ... Touswit apre sa, Jan te wè ... Sou zile Patmos ... Konbyen raple yo a ki distans Patmòs te ye ... de rivaj la? Ki distans li te ye? Apeprè trant kilomèt, se sa, pati de kòt la. Ki distans li te ye ozalantou Patmos? Ou sonje kèk nan jewografi a? Apeprè kenz kilomèt ozanviron l. Epi l te itilize kòm yon egzil pou Women yo, jete prizonye yo la a. Epi Jan te la a pou kisa? Kisa l te fè ? Èske l te vòlè yon bagay? Non. Li te ... Yo mete l la a paske l tap deranje moun yo ak ... oswa fè yon bagay ki pa sa? Non. Pou ki sa l te la a? Pou Pawòl Bondye a ak temwayaj li, paske lap preche Levanjil la.

53 Epi èske gen yon bagay ki ka rive yon kretyen san ke l pa pi bon pou li? Non, non, non. Kidonk, kisa Bondye mete l pou kont li sou zile a pou l fè? Ban nou Liv Revelasyon sa a. Gade, Bondye jis ka tire lenn nan sou je dyab la nenpòt lè l vle. Eske L pa kapab? Li tou senpleman kapab. M jis renmen l. Paske, M pa bezwen entelijan, Ou wè. Koulye a, si M te entelijan, M ta jis bliye tout sa paske M konnen pèsonn pa ka osi entelijan ke limenm. Konsa, M-M jis ... Kèlkeswa sa M te genyen, M livre M ba li epi jis fè sa l di fè a. Se fini. Pafwa se vrèman le kontrè de fason m panse ke l ye. Men M konnen, si L ap dirije l, Li entelijan. Li konn kisa lap fè, pa mwen menm. Se konsa, M jis kite l fè l, ou wè, alòs, li jis ... se jis kòrèk. Ou wè? Konsa M jis kite l fè l. Se sa a, Frè Neville. Wi, mesye, jis kite l fè l. Ou wè? Se limenm ki konn sa L ap fè, Pa mwen. Ou wè? Kidonk, M jis pa eseye gen okenn gwo bouke flè ak bagay sa yo. Epi jis imilye m, e di, "Men mwen, Papa, nenpòt lè w vle m nan." Ebyen jis kontinye ale konsa e l toujou fini anbyen .

54 Kidonk, Jan, nou pa t ap gen yon - yon liv Apokalips si se pa t Jan, epi si Jan pa t al sou zile a. Se te fason Bondye pou l te bann Liv Apokalips la. Li te la a, M kwè, anviron twa lane, epi sou Liv la ... ekri Liv Apokalips la.

55 Epi, apre sa, lè n kite l nan dènye envitasyon an, nan 22èm vèsè nan 3èm chapit la, "Moun ki gen zòrèy, kite l tandè sa Lespri a di legliz yo."

56 Koulye a, nou kòmanse katriyèm chapit la: Apre sa, M te gade, epi men ni, yon pòt louvri nan syèl la: e premye vwa ke m te tande a te kòm si se te ... yon twonpèt k ap pale avè m; li di: Vini Monte pi wo, m pral fè w wè bagay ki dwe vini apre sa.

57 Nou pral pran l vèsè apre vèsè. Epi, M te gen anpil nan ekriti yo ki te ekri la a, se te kouwè yon liv, epi M pa konn ki kote nou rive ladann. Ke Seyè a dirije nou. Koulye a, siveye byen, Pawòl la se: Apre bagay sa yo (apre laj Legliz la) ...

58 Epi tout bagay sa yo depi apre sa, kounye a, pral rapòte, pral pase sou tè a apre anlèvman Legliz la. Ou wè, apre lanlèvman. Sa a pral tounen kounye pou ranmase pèp Izrayèl la. Apre laj Legliz la, apre laj Legliz yo, epi yo ... Legliz la pa janm parèt ankò jouk 19yèm chapit Apokalips la lè L retounen ak Lemarye a. Lwanj pou Bondye pou maryaj la!

59 Ann jis li sa a. Èske ou ta renmen li Ekriti sa yo pandan nap travèse sa? Se byen. Ann al nan Apokalips 19. Dakò, mesye, Apokalips 19. Ann kòmanse nan vèsè 7 la, Apokalips 19. Sa a se lè Legliz la parèt ankò, li pat janm parèt ankò jouk nan 19yèm chapit la. Ann rejwui nou e gen kè kontan, epi bay lonè a limenm : paske maryaj ayo an rive, e madanm li te prepare tèt li.

60 Oo, M — M te kab preche sou sa jouk minwi e san menm di mwatye l. Gade, "Madanm li te pare tèt li."

61 Charlie, Nellie, ak nou tout, jis sa nou tap pale a, anba a la a, epi Rodney, lòt jou. Ou wè? Lè Elize jete manto sa sou Eli ... Oswa Eli mete l sou Elize; li tounen dèyè li wete l ankò li mete l sou li, li mache avè l sou li jouk li janbe lòt bò larivyè Jouden, li monte sou mòn lan, li monte sou cha a, li tounen lage l .

62 Lè yon kretyen sove premye fwa, figi l tounen vè Kris la, Alòs li gen yon bagay pou l fè limenm. Li dwe, pwochen bagay la, sanktifye l kont tout abitud ki pa pwòp, "mete de kote tout fado, pare tèt li. Lamarye a te pare tèt li! "

63 Sa fè m sonje yon ti istwa, M jis dwe di l anvan nou kontinye. Nan Lwest bò isit la, kèk tan de sa, plizyè lane, te gen gwo Konpayi sa a Armour e Swift Packing Company. Ki jan yo te konn fè, yo vin bò la a epi achte betay yo epi ranch yo. E yo te gen anpil lajan, epi yo achte tout ti ranch yo, epi yo gen dè milyon kawo tè nan ranch sa yo, yo te posede gwo bagay sa yo, Bon kalite ras bèf nan plizyè seksyon. Pwòp yo ... Posede pwòp ray tren yo ak bagay ki pote bèf yo soti nan yon patiraj a yon lòt.

64 Epi Armour e Swift te gen yon gwo ranch, epi yon jou yo te gen yon kontremèt, sipèentandan an, se te, pou ranch la, li te gen anviwon kat oswa senk pitit fi. Epi, sa te rive ke

youn nan gwo frè gwo Armour te ... oswa, pa frè, men pitit gason yo, te al vizite ranch la. Epi li te yon-yon jenn gason, yon selibatè. Epi tout ti jenn fi sa yo te asire yo ke yo te pral fè ti gason sa a krake osito ke l-l rive. Konsa, yo tout te pare yo e te prepare tout bagay pou vini l.

65 Lè li rive, yo te vin rankontre l, yo mete yon ansyen jou fwontyè abiman, ak ti rad yo sou yo, ak frinj epi 44 sou li, ak chak anch yo, epi chapo dèyè tèt yo, ou konnen. Apre sa, yo te pral senp moun nan lwest, e chak jenn ti fi sa yo te pral gen ... Youn nan yo te pral gen ti gason sa a.

66 Epi, yo te gen yon ti kouzin ke manman l te mouri e papa l te mouri. Li te yon kouzin, e l te prèske esklav tout sa k te la a. E tout travay sal yo, li te dwe fè l, lave asyèt yo ak tout bagay. Epi li pa t gen okenn rad, li te oblije pran sa lòt te met deja epi ...

67 Ebyen, lè lè a rive pou ti gason an te rive, yo tout te monte nan bogi yo, epi, desann nan estasyon an pou yo te al akeyi l . Apre sa, yo ta tire fizi yo, e chwal yo kap fè bri, ak tout bagay sa yo. Apre sa, yo mennen l nan ranch la. Epi jou swa sa a yo te fè yon gwo fèt. Apre sa, yo soti deyò sou gwo pil zèb yo e kloti pak la, epi yo-yo chante epi yo danse, tout lannwit lan. Li te la pandan de ou twa jou.

68 Ti kouzin sa ... Kounye a, M pral konpare sa ak yon bagay kounye a. Kouzin nou yo ak tout abiman yo, gwo kloche ak bèl legliz, e sanble si gen nenpòt non sal l se ta dwe pou pannkotist yo, se yon bagay ki mal. Yo fè sa k mal tou, men w pa tandè anyen de sa, ou wè. Yo se jan an klasik, konsa yo ... ou pa tandè pale de sa. Men, kite kèk predikatè pannkotis fè yon erè yon fwa sèlman , epi, frè, map diw, yo pral pote l toupatou nan peyi a nan chak jounal. Wi mesye. Kite kèk frè pannkotis priye pou yon timoun, epi l mouri, chak jounal nan peyi a pral pote l, "Gerizon divin se fanatism."

69 Ebyen, apre sa poukisa w pa mete sou papyè tou chak ka doktè yo pèdi? "Si w wouze zwa a, ou dwe wouze kana tou." Ou wè? Kifè, si yo te vle fè sa, yo patap gen ase espas nan kolòn jounal yo pou ekri tout kantite kadav. Si m ta ale la nan simityè a pou di: "Tout moun ki te janm mouri apre gerizon Divin leve kanpe," epi apre sa di: "Tout moun ki te mouri nan tretman medikal leve kanpe," sa t ap depase yo a on milyon pou youn. E se egzakteman laverite. Kifè si y ap kritike youn, se pou yo kritike lòt la tou. Konsa sa jis. Men y ap touye dè milyon pa ane ak medikaman epi operasyon, e ou pa janm tandè yon mo sou sa. Ou wè?

70 Kifè, tifi sa, li te gen tou travay di yo pou l fè. Konsa lè, bripsoukou, jennòm lan... yon swa kan soupe a te fini e yo te gen dans, chak jenn fi sa yo te bye bèl, ou konnen. E pòv tifi sa dwe te gen yon vye wòb, an ranyon sou li. E yon swa li te chita nan koulwa plen ak batanklan apre ke soupe a te fini, e li te fin lave vesèl yo li t ap kouri al lan lakou dèyè a pou jete dlo vesèl la.

Li...lè l te vire tounen miray anklo a, men ni ki te kanpe la, ap apiye sou kloti anklo a. Li te di: "Alo."

71 Li te tèlman jennen, poutèt se te pitit gason sirentandan an, pitit gason mèt ranch lan. Li te bese bokit dlo vesèl la, pou li pat remake l abiye tèlman an ranyon; li te kòmanse ap fè bak, pye atè, ap gade dèyè, *konsa*.

72 E li te dirije l bò kote l, li te di: "Ou pa bezwen pè mwen." Li te di: "Mwen vle di w yon bagay." Li te di: "Mwen vini la pou yon sèl rezon, mwen vini pou m jwenn yon madanm." E li te di: "Mwen te chache tout kote." Li te di: "M pa vle marye ak okenn nan jenn fi dèyè a la nan vil la, m vle jwenn sa m te panse ki yon vrè madanm." E l te di: "Pami tout sa m te wè yo, m te remake w nan alantou isi a. E m te dekouvri atravè kèk nan jenn fi yo ke ou se yon kouzin."

Li te reponn: "Se vre, mesye."

73 Li te di: "M vle mande yon bagay. Èske w vle marye avè m?" Ebyen, li pat konn kisa pou l te fè. Li te si tèlman kaptive, li pat--li pat konn kijan pou reponn nonm lan.

74 O, m jis ka imajine kijan li te santi l. Pa ou menm? Kan mwen, yon fwa ki te pechè, pa bon ditou, pitit yon tafyatè, Jezikri te di: "Mwen vle w vin pa M." Kijan l te ka fè janm vin kot yon moun tankou m? Kijan l te ka janm di: "M ap sove w"? Yon moun ki fè pitye tankou m, kijan sa te ka janm rive? Men Li te fè l!

75 Li te di: "Mesye, mwen--mwen pa--mwen--mwen pa diy. M pap ka yon madanm pou yon nonm tankou w," li te di: "paske ou abitye ak gwo bagay. E m pa konn anyen konsènan sa, mwen pòv."

Li te di: "Men se ou m chwazi."

76 Èske sa pat bèl lè Jezi te di w sa...? Ou te konnen ou pat diy pou w yon Kretyen. Ou, pa gen anyen ke w te ka janm fè, men Li...Se pat anyen...Li--Li jis te chwazi w. Ou wè? Li...Se bonte Li, mizèrikòd Li ke Li te chwazi w. Ou pat chwazi l, ou konnen, Li te chwazi w. Se vre.

Li te di: "Mwen--mwen pa..." Li te di...

77 "Pa gade rad ou. Mwen pap gade rad ou, M ap gade sa ou ye." Li te di: "Èske w vle marye avè m?" E finalman akò a te fèt. E li te di: "Nan yon lane apati de jodi a, m va retounen. Ou menm prepare w. Gen rad lamarye w sou ou, paske m ap retounen pou marye avè w isit la menm sou teren sa. Epi m va mennen w Chikago, Kondwi Deyò, la kote w va gen yon chato pou w viv ladan l. E tout kesyon lave vesèl va fini, ak bagay konsa, lè sa."

78 Kan sè yo, oswa kouzin yo, te tandè sa, yo te di: “Ou menm ti pòv, moun fou inyoran! Ebyen, ou konnen byen pwòp ke nonm sa pat vle vrèman di sa!”

79 E èske se pa jis egzakteman sa y ap di jodi a? “Kijan yon bann sen-eksite, yon bann moun ki ka apèn ekri non yo, kijan yo taka janm Legliz? Kijan yon gwoup konsa ta janm ka sa?” Men se jis kòrèk. Kan nou te fyanse epi nou te santi bo fyansay Jezikri a sou kè nou pou te retire peche nou,, Yon bagay di nou L ap retounen ankò, jis sèten menm jan ak mond lan. Yon jou Li va retounen.

80 Tout ane a li te travay, tankou esklav, ap ekonomize la ti swasant kenz kòb, kisa--kisa yo te bay la kòm salè pa jou. E li t ap ekonomize lajan l pou achte abi nòs li, pou prepare tout bagay. O, se te tout panse l, ap prepare l. (E li gen...”Li te prepare Pwòp Tèl li.”) Li te gen rad li, rad nòs li, pandan ke kouzin li yo t ap ri l epi moke l.

81 Finalman sa te rive pou ...finalman se te jou a. Li te abiye tèt li ak abi nòs li (O!), te gen tout bagay pre e byen pwòp. E ti kouzin li yo te rive e yo te panche bò kote l pou di: “Ebyen, ou menm, ti bagay estupid. Enben, ou konnen byen se pa sa l te vle di. Li patap ka pale a yon...marye ak yon fi tankou w.” Men, li te prepare tèt li, de tout fason.

82 Kifè sa te rive ta lan nwit la, e yo te kòmanse ap moke epi pran plezi avè l. Li te kanpe dwat nan pòt la, ap tann, de tout fason. E konsa li...li te di: “A kilè li te di li t ap la?”

83 Li te reponn: “Li pat di l.” Men li te di: “Li te di...li te di m nwit li t ap marye ...oswa li ban m bag fiyansay la. Li te di, li te di m, ‘Sa va apeprè yon lane apati de kounye a.’ Konsa mwen rete inèdtan.” Amèn, jis li te kontinye ap tann. “Mwen gen inè ankò, trant minit, dis minit.” E yo te ri epi moke l, ap rele tout bagay.

84 Men, finalman, jis nan lè kritik sa, yo te tandè bri pousyè nan wou k ap tounen yo, cheval yo t ap vini. Ala yon bagay sa te ye pou wè ti epouz sa ki te prepare tèt li, vole soti kite pòt la, pou fè tou a atravè treyi ki te kouvri ak flè woz laba, pou l te sote nan bra nonm sa ke li te renmen an, e ki te mari li, li te atrape l anlè konsa, epi marye avè l epi pati ale nan kawòs.

85 Youn nan jou sa yo, frè, sa yo k ap moke e k ap di “sen-eksite,” e--e “pannkotis,” ak bagay konsa...N ap tann, nou g on ti tan ankò. Yo di: “A, pa gen okenn diferans ak sa l te toujou ye.” Pa fatigue w, nou g on ti tan devan nou. E nan moman Li pwomèt la, Li va la. E youn nan jou sa yo nou va pran vòl nou pou al fè wout nou. Jis prepare w! Kontinye pote Abi Nòs la sou ou! Gade tout bagay kriyèl lwen kè w. Tout bagay ki...

86 Koute jan Ekriti sa li la:

Ann kontan ap rejwi nou, e ann ba Li onè: paske jou

maryaj Ayo a rive, e madanm Li te prepare tèt li. (Ou sezi l?)

E li te gen privilèj pou l te abiye l byen fen avèk tisi len, blan k ap briye: paske tisi len byen fen an se jistis sen yo. (Louwanj pou Bondye!)

E li te di m, Ekri, Benediksyon pou sa yo ke yo rele vin nan soupe maryaj Ayo a. E li te di m, Bagay sa yo se veritab deklarasyon Bondye.

87 Kifè pral gen yon rankont anlè a youn nan jou sa yo, nan dousè sa, trankil an dousè. En-en. Jis rete prepare! Kenbe tèt ou prè! Pirifye kè w de tout movèz panse. Gen lafwa nan Bondye, pe enpòt jan sa parèt sonb e kantite moun k ap ri ap moke pou di: “Ou twonpe w.” Kontinye ap viv sen pou Bondye. Jis kontinye avanse, lè a va rive!

88 Kifè, ou wè, Li te parèt ankò kounye a nan Apokalips 19:

Apres bagay sa yo...(Après li te fin wè aj Legliz yo.)

Après bagay sa yo mwen te gade, e, men ni, yon pòt...

89 Bon, sonje, Jan te ankò sou Patmòs. E après li te fin wè tout aj legliz yo defile:

...Mwen te gade, e, men ni, yon pòt te louvri nan syèl la:...

90 “Yon Pòt.” Kisa Pòt la ye? Apokalips 3:8. Nan Apokalips, chapit 3 epi vèsè 8 la, “Mwen konnen zèv ou yo. Men ni, Mwen plase yon Pòt tou louvri devan w ke pèsonn paka fèmen, paka fèmen e pèsonn paka ouvri.” Li se Pòt la! Pòt la! Kris se Pòt la. Li di: nan Sen Jan 10, “Mwen se Pòt bèjèri a.”

91 E nan peyi ansyen yo, nou jwenn ke yon bèjè dwe fè brebi yo antre. Apre li fin konte yo pou wè si tout anndan, alò li etann li atè drèt nan pòt la. Lou paka antre san l pa reveye l, oswa brebi l yo paka soti san yo pa pase sou li. O, se pa tikras sekirite brebi a pa santi poutèt bèjè a lonje atè nan pòt la.

92 Noye, nan Ansyen Testaman, te kanpe nan pòt ach la. O, tandè; m pral di yon bagay la! Li te kanpe nan pòt la ap preche repantans ak jistis pou pèp la ki t ap ri li. E nan menm pòt sa kote l te kanpe a, pèsonn pat ka antre nan ach la sof pa sèl pòt sa. Pat gen anyen lòt ke yon sèl pòt nan ach la.

93 E gen yon sèl Chemen! Dakò, Frè...?...Gen sèlman yon Chemen ki mennen nan Kò Kris la. Gen yon sèl Pòt pou Legliz Bondye vivan an, e Jezi se Pòt sa! “Mwen se Pòt la! Mwen se Chemen an, wout ki mennen nan Pòt la. Mwen se Pòt bèjèri a.”

94 Li te di aj legliz sa: “Mwen plase devan w yon Pòt tou louvri.” Li te di sa pou aj legliz Metodis la, yo te rejte L, te al nan òganizasyon. “Men Mwen plase devan w yon Pòt tou louvri.” Bon, apre yo te fin resevwa sanktifikasyon, Li te di: “Mwen pral plase yon Pòt tou louvri,” ki se Sentespri a. “Ak yon sèl Espri nou tout” (kijan?) “te batize nan yon sèl Kò ki se Kris.” Li te plase mesaj sa devan legliz Metodis e yo te rejte L. Yo te rive nan sanktifikasyon e yo te refize Sentespri a. Ou sonje sa? “Pòt tou louvri” sa.

95 Kijan w antre nan Kris? Pa yon sèl Espri, Sentespri, ki se Lespri Kris. Nou te antre, pa ak bay lanmen, pa ak aspèsyon, men pa yon sèl batèm Sentespri nou tout te batize nan yon sèl Kò e sa te rann nou patisipan nan Kò sa. Yon sèl batèm Sentespri pou antre nan Pòt sa.

96 Pòt sa tabli nan Syèl la, Pòt sa, kan li te leve tèt li gade li te wè Seyè Jezi a. Jis remake pati ki swiv la. Pòt sa, se Seyè Jezi.

...Mwen te gade, epi, men ni, yon pòt te louvri nan syèl la: e premye vwa...mwen te tande se te...vwa yon twonpèt...

97 Bon sèn lan t ap chanje. Jan t ap obsève Patmòs, epi kounye a li te leve tèt li gade. Poukisa? Li te wè yon bagay ki t ap dewoule sou tè a la (aj legliz sa yo), Sèt Aj Legliz yo ap desann nèt ale, e apre li te fin wè dewoulman aj legliz yo, apre sa, apre aj legliz yo te fini, he te tande yon Vwa. E li te leve tèt li gade vè Syèl la e li te wè yon Pòt tou louvri, e premye Vwa te sonnen tankou yon twonpèt. Dakò, sèn lan te chanje de Patmòs a Syèl.

98 Vwa a te menm ak vwa ki t ap mache nan mitan sèt chandelye annò yo; menm Vwa a, Vwa a pat chanje. Men, Vwa a, ki kote L te ye kan li te tande L premye fwa a? Konbyen moun ki sonje, nan premye aj legliz la? Dèyè I. “Mwen te an Espri nan Jou Seyè a, e m te tande dèyè m tankou Vwa yon twonpèt e li te sonnen tankou bwi anpil dlo. E kan m te tounen pou m gade, m te wè Yon Moun ki te kanpe nan mitan sèt chandelye annò a.”

99 Bon, apre Li te montre I tout mistè sèt chandelye annò sa (ap kenbe sèt etwal yo, ak yon perik blan sou tèt li, elatriye, ak pye I tankoun eren/kwiv, epi jye I tankou dife, senbòl yo), apre li te tande menm Vwa a (Obsève.) ki t ap pale sot nan Syèl. E li te leve tèt li gade e li te wè yon Pòt tou louvri. O! Yon Pòt tou louvri nan Syèl la! Kijan w antre? Pa Kris Jezi, sèl Pòt sa, sèl Chemen an, okenn lòt chemen.

100 “Nenpòt moun ki grenpe monte pa nenpòt lòt chemen an, se menm ak yon brigan e yon vòlè.” E nan parabòl sila ki te grenpe monte e ki te nan Soupe Nòs la san rad sou li a, yo te jwenn li koupab, e yo te lye l pou jete deyò nan tenèb. Sèlman yon sèl Chemen, pou vin nan Soupe Nòs la. Mwen kwè m te preche sou sa isit la sa pa fè lontan. Kan epou a...Kan yon nonm gen...ap marye nan peyi ansyen yo, li oblije bay envitasyon limenm, li dwe founi wòb yo limenm. Kifè lè l te rankontre nonm sa la, li ki te chita la bò tab pou soupe a...Konbyen moun ki sonje parabòl la? Sèten, nou menm ki li Labib. E li te jwenn yon nonm bò tab pou soupe a ki pat gen abi nòs la sou li.

101 Kisa sa ye? Epou a kanpe nan pòt la epi tout moun vini ak yon envitasyon. “Pèsonn pakab vin jwenn Papa sof pa Mwen. Tout sa Papa te ban Mwen, oswa envite, va vin jwenn Mwen.” Men yo ki te vini, te bay epou a envitasyon yo, pou tout moun te ka sanble . Sa se yon bagay konsènan bon relijyon Sentespri a lansyèn mòd, li rann yo tout sanble parèy. Ke yo rich ou pòv, esklav ou lib, nwa ou blan, mal ou femèl, yo tout fè youn an Kris Jezi. Eepou a te kanpe nan pòt la pou resevwa envitasyon yo, pou mete wòb la vlope zanmi sa, pou ke rich la ak pòv la yo tout sanble parèy. Se konsa sa ye nan Wayòm Bondye a, pa gen gwo zafè epi ti piti; yo tout se moun, tout se youn nan Kris.

102 Bon, kisa w panse lè Epou a te tounen pou jwenn yon nonm chita la san Abi Nòs sou li? Li te di: “Zanmi, kijan w te fè antre la?” E li te kanpe la san pawòl, sa te montre ke li te antre yon lòt fason ke Pòt la. Li te antre pa yon fenèt, li te antre pa dèyè. E Li te rele l zanmi, sa montre li te yon manm legliz, “Zanmi, kijan w fè antre la san yon abi sou ou?” Bon, Jezi te di sa, Limenm. E Li te rele pòtye a, Li te di: “Mare l, pye e men.” E yo te jete l deyò nan tenèb kote k pral gen rele, kriye ak sere dan. Sa se Pwòp Pawòl Kris, (Dakò.) “Yo te jete l deyò.” Paske, sa te pwouve, ke san Abi Nòs la, li te vin yon lòt fason ke pa Pòt la. Si l te vin pa Pòt la, li t ap resevwa yon Abi Nòs.

103 O, tande sa! Alò si Abi Nòs la se batèm Sentespri a, kijan yo pral fè reprezante w okenn lòt fason? Si premye aj legliz la te dwe vini pa Pòt la, Kris Jezi, pou yo te batize nan Non Jezikri, pou resevwa batèm Sentespri a, pou yo te ka mete Abi Nòs la, kijan nou pral vini okenn lòt fason an? Si w vini pa Metodis yo, pa Batis, oswa Pannkotis, oswa nenpòt lòt denominasyon an, yo va mare w epi jete w deyò nan tenèb. Ou dwe vini pa Kris Jezi, Chemen an, Pòt la, Verite a, Lavi a, Amèn!

104 Dakò, menm Vwa a, Apokalips 21, oswa Apokalips 1:10 a 13. E m vle w remake ke, Vwa a ke l te tande ap pale avè l la te gen klate yon twonpèt. Ou konnen kijan yon twonpèt sonnen, li bay yon son pèsan. Kisa yon twonpèt vle di nan Bib la? Lagè. Chak lè ou wè yon twonpèt

sonnen, nan yon gè... nan tan Labib, son li te vle di gè, swa yon revelasyon oubyen yon bagay ki pou rive.

105 Bon, li...Aprè aj legliz yo te fini, epi tout bagay te vin prè, te prepare antre chapit 4 la, aj legliz yo te fini. Li te kite tè a. ou wè. Sonje, Vwa a ki te pale avè l, dèyè l la, nan sèt chandelye annò yo, travay la te fini. E kounye a menm Vwa sa t ap pale anwo nan Syèl. Kisa sa te ye? Li te fin rachte pèp Li. Travay Li sou tè a te fini, e Li te nan Laglwa, ap rele Jan, "Monte isi a!" En-hen. Amèn! Sa fè m anvi kriye rele alavèy Nouvèl Ane a. O, la la! Men ni. Ou wè, prè, "Monte isi a!"

106 Gè! Sa se preparasyon pou gwo batay la; moun ki rejte Mesaj Bondye a, ki te rejte Sentespri a, Mesaje sèt legliz yo. Sila ki te rejte Mesaj gras Li sa pat gen anyen ki te rete pou li, ke jijman ki te prè; o, pandan L ap prepare L pou vide kolè L sou tè a kounye a. "Monte isi a e Mwen va montre w sa ki sou pwèn rive. Kris ke y ap rejte, pechè san Bondye, Mwen pral vide kolè M sou yo."

107 Obsève preparasyon an. O, pandan n ap pase atravè nwit yo ou pral gen plis a ankò plis de sa tout tan. Nou paka pran tout bagay la, nou oblije kontinye ap refere nou de yon plas ak lòt. Jan sa pral yon bagay tèrib pou sila yo lè dènye twonpèt la sonnen, e lè dènye konba va livre, lè dènye sèmon an va preche, lè dènye chan an va chante, e nou va pran pozisyon sou Twòn Jijman Kris la. Yo va mande w: "Poukisa ou pat resevwa L? Kisa w te fè avèk Lavi M te ba ou a?" Yo va mande pou w bay yon rezon. Kisa k pral rive?

108 Nou konn tandem ap chante chante sa, oswa eseye l:

Sa ou va di? Sa ou va di?

Lè gwo Liv Lavi a va louvri, sa ou va di?

Lè yon moun rejte Mesaj sa

Yo va mande w pou bay yon rezon, sa ou va di?

109 Yo pral kanpe la, sèten menm jan ak Liv ki ekri sa. Ou va...ou pral kanpe la e yo va mande w bay yon rezon. O, se yon avantaj pou nou, frè mwen, sè mwen, se responsablite nou, antan ke pitit gason ak pitit fi Bondye pou nou egzamine tèt nou chak lè nan jounen an. Pòl te di: "Mwen mouri chak jou. Poutan m ap viv, pa mwen, men Kris k ap viv nan mwen." Ou wè? Ke yo egzamine w, paske ou pa konn ki lè yo pral ba w lòd pou w reponn Anwo a.

110 Kounye a: "Te tande Vwa twonpèt la." Trè byen. Make, make sa Jan te di, li te di isi a, nan dènye pati chapit 1 sa a:

...premye vwa...ki t'ap...tankou *yon klewon* ki t'ap pale avè m', epi di: *Moute bò isit*,...

Moute bò isit! M te montre w laj legliz yo sou latè; kounye a monte bò *isit*, M pral montre w on bagay k ap pase anwo isi a.

111 Ou wè, Kris te kite latè lè sa a, Li te monte nan Laglwa, laj Legliz La t ap pase, te montre ke Sentespri a te fini isit la. E L te pati al nan Laglwa epi t ap rele pou Jan monte, epi L te montre l ki lòt bagay ki ta pral pase. "Monte bò isit."

112 Kounye a, nou remake Jan, chapit 2 a...vèsè 2 a. Remake, byen rapid, Jan te ajoute sa:

E *lamenm*...(Amèn!)

113 O, si m aji dwòl, m jis santi m byen. Jan te ajoute:

...*lamenm* m te nan *lespri* a:...

114 Lè w tande Vwa Bondye k pale avè w, on bagay rive. Amèn! O, èske sa te rive w kon sa? Li te fè l pou mwen, sa fè tranteen (31) an, e m pat janm menm lan depi lè sa a. O, lè L te di: "Moute vin jwenn Mwen, nou tout ki bouke epi k anba chay, M a soulaje nou." Sa te chanje m.

115 Jan te di:

...*lamenm* m te nan *lespri* a...(Ki *lespri*? Sentespri a. O!)...M te nan *lespri* a: e, men, *mwen wè yon fòtèy nan syèl la ak yon moun chita sou li*.

116 Ou wè, Jan te kite latè a kounye a. Kris te kite latè a (nan fòm Sentespri a) epi L te retounen nan Kò a ankò. Jodi a Kò a chita la a kòm on komemorasyon, kòm on sakrifis. N ap rive nan sa dwat anba a nan chapit la isi a. Men Lespri Kris la retounen viv nan Legliz la, pou viv nan nou.

117 Kounye a, *lamenm* apre L te montre lafen laj travay Li isit la, Li te monte nan Syèl, Li te di: "M ap montre w kisa k pral fèt apre sa, apre laj legliz yo." Li te di: "Jan, M pa ka pale avè w anba la a ankò, paske M kite anba isi a, M monte pi wo. Monte isit la avè M!" Amèn! "Epi M ap montre w kisa k pral pase anwo la a." O la la! Hmm! O! Li te pran monte nan vizyon an, pran monte nan Laglwa.

118 Eksperyans li dwe t on bagay tankou sa Pòl la. De Korentyen 12:2 ak 4, si n ap ekri l. De Korentyen...2 rive 4. Pòl te pran monte on jou, nan on...nan on vizyon, tou. Èske n te konn

sa? Epi l te wè dè bagay ki pat nesesè pou l te menm pale; katòz an, pat menm janm mansyone l. Ou wè? Men koute diferans ki gen avè yo.

119 Sa Pòl te wè a, yo te entèdi l pale de sa oswa mete l deyò bay piblik la. O la la! M pa kwè l te ka fè l. (Paske, on ti vwayaj m te fè on jou, m pat janm refè avè l epi m pap janm refè.) Ou wè, li-li te wè dè bagay ke l pat ka pale. M imajine li pat gen mo pou...yo te fè l monte nan twazyèm syèl yo, poutan. Ou wè, anwo nan twazyèm Syèl la.

120 Ala sa te diferan lè yo te fè Jan monte epi l te wè Jezi, li te...Te di: “Ekri l n on liv sa w te wè a epi remèt li bay, retounen voye l bay legliz yo.” Yo te entèdi Pòl pale, e yo te menm mande Jan pou mete l nan on liv konsa li t ap desann nèt ale nan tout laj yo. O la a! Li revele kounye a, pral revele nan dènye jou sa yo. Li pat revele nan epòk li, li revele kounye a antan n ap avanse.

121 O, epi remake, Jan, ke yo te fè monte lamenm apre laj legliz la, te on tip Legliz ki anlve a. Imedyatman apre laj legliz la fini, Laj Legliz Lawodise sa a, lè sa a Anlèyman an vini. Legliz la monte tankou Jan te fè, nan Prezans Bondye. O la la! Fiouw! Sa jis vlope nanm mwen. Pran monte, nan Anlèyman Legliz la! Epi l te di...Kote sa a, Liv Apokalips la, te ekri, ou wè, nan fen laj legliz la.

122 Kounye a, m g on ti bagay isi a m vle mete klè pou on bagay ki te on vye sèso pandan lontan nan mitan anpil Kreyen. E m te panse jodi a, lè m t ap etidye, ap ekri Lèzekriti, epi jwenn non yo epi diferan koulè ak bagay. N ap rive nan yo apre on moman, lakansyèl yo ak senbòl yo, e latriye. M t ap ekri Ekriti sa yo isi a konsa m te ka retounen gade yo epi refere a yo, si m...avanse. Paske, dabitid, si m ta pral pale de on bagay kon sa, m t ap...li t ap diferan, m t ap eseye konnen l pa kè. Men fason sa a, lè w jis g on ti tan, m ta renmen refere a li paske l ale nan tout Ekriti yo nèt, devan dèyè.

123 Kounye a, nan Matye 16:13, nou jwenn sa, si noumenm k ap ekri Ekriti yo. Matye...Si n vle retounen...si n vle vire nan li, trè byen, Matye 16:13. Se...O, n ap jis vire tounen epi li l, epi lè sa a n ap genyen l sèten. Matye chapit 16 la, ak vèsè 13 la. Koute byen kounye a antan n ap li 16:13: “Lè Pyè te vini...” Oswa:

Aprè sa, Jezi ale nan rejyon ki toupre lavil Sezare Filip la. Li mande disip li yo: Ki moun lèzòm di...Mwen ye, Mwen menm, Fis de lòm lan?

Yo reponn li: Gen moun ki di...se Jan Batis ou ye. Gen kèk ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se Jeremi, e, osinon yonn nan pwofèt yo.

Li te di yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye?

Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.

Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni...se pa lachè ak san ki te revele sa a ba ou. Men, se Papa m' ki nan syèl la.

Mwen menm, men sa m'ap di...ou: Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. E pòtay lanfè a p'ap domine sou li.

E kounye a...E M'ap ba ou kle wayòm ki nan syèl la. Tou sa ou va mare sou latè, li va mare nan syèl la...Tou sa ou va lage sou latè, y'a lage l' nan syèl la.

Aprè sa, li bay disip li yo lòd pou yo pa di pesonn se Kris la li ye.

124 Koute byen kounye a. Trè byen. “Paske tan an kòmanse...Depi tan sa a Li te kòmanse...” M vle pran on lòt, nou ka kontinye li l anba a, pran vèsè 28 la si a, paske nou ka li rès la lè n al lakay nou.

An verite-An verite sa m'ap di nou la a: Nan moun ki la koulye a, gen ladan yo ki p'ap gen tan mouri jouk yo wè Fis de lòm lan k'ap vini nan wayòm li.

125 O, panse a sa! “Kèk kanpe isi a, kèk kanpe isi a, p ap goute lanmò jouk yo wè Fis de lòm lan k ap vini nan Wayòm Li.” Al on deklarasyon! Ala kritik yo renmen pran sa a epi jis montre kijan l egare, ou wè. Ala l renmen kenbe sa a, epi sa te pase epi yo pat konn anyen sou li. Ou wè? Trè byen.

126 Apre wòch konfesyon Pyè a, ke nou konnen ke konfesyon l lan se...Li t ap bati Legliz Li sou menm wòch sa a. Pa Pyè, ki t on ti wòch, jan Katolik Women an eseye di l. Men konfesyon Revelasyon Pyè a, sa se Legliz la. Bondye pral revele l; pa on konfesyon nonm sa a, paske pi lwen li te chite. Pa on konfesyon de Limenm kòm Pitit Bondye; paske yo te konnen l te Pitit Bondye a, Pyè te fèk di sa. Men sa l te ye, te ye, Revelasyon ki te revele soti nan Syèl ke l te Pitit Bondye a. Te di: “Lachè ak san pat janm anseye w li, men Papa M ki nan Syèl te revele l ba ou. E sou wòch sa a, wòch konfesyon sa a, M ap bati Legliz Mwen, epi pòtay lanfè p ap aji...domine sou Li.”

127 M espere nou pa depase lè a twò rapid isi a kounye a, konsa nou ka antre dwat nan sa. E nou vle wè kijan sa manifeste nan èt imen an. S on bèl istwa isi a menm si nou ka jis rive ladan l. Trè byen. Wi, konfesyon wòch la, sa Pyè te ye...Li t ap bati Legliz Li sou konfesyon Pyè a. Li te di: “Kèk ki kanpe isi a p ap goute lanmò jouk yo wè Fis de lòm lan-lan k ap vini nan Wayòm Li.”

128 Kounye a, sonje, Li te pale de “kèk.” Se te plis pase youn, pa vre? Kèk t ap anpil, “plis pase youn.” Men kounye a gade, tout disip Li yo te kanpe la a, epi Li t ap poze chak nan yo kesyon: “Kisa n panse de si? Epi kisa n panse de sa?” Men L te di: “Gen kèk nan nou ki kanpe isi a, kèk ki kanpe isi a, p ap goute lanmò jouk yo wè Fis de lòm lan k ap vini nan Wayòm Li.” O la la! Al on deklarasyon! Reflechi, sa fè demil an ke sa te deklare.

129 Èske I pral...ta pral...Èske Pawòl Bondye a enfayib? Chak Pawòl ke L di ap rive?

130 Kounye a, si n vle, vire tounen nan, apres a Matye chapit 17 la se pwochen an. Lè L te pran...Kèk jou apre sa, Li te pran Pyè, Jak, ak Jan, anwo nan mòn lan, apa, kòm on temwen. Pyè, Jak, ak Jan; epi yo te wè Wayòm Bondye a vin nan pwisans, yo te wè vini Wayòm Bondye a ki te fè repetisyon. Amèn! O, yo te mennen yo nan vizyon pou gade Wayòm Bondye a ke yo te fè repetisyon jan L vini an, nan soti Milenyòm lan. Yo te wè repetisyon an.

131 Sa fè kèk tan...on pakèt minis, Oral Roberts te youn nan yo. Cecil B. DeMille, lè I te ekri *Dis Kòmandman* sa yo, li te rele Frè Shakarian, Frè Roberts, anpil predikatè atravè peyi a, nenpòt predikatè te ka vini, e te envite yo vin nan estidyo a anvan fim lan te janm soti, e kite yo wè repetisyon I la anvan yo te janm montre I, lè yo t ap chaje vennsenk dola pou on biyè. Men li...Yo te wè repetisyon I lan, konsa yo te ka fè pase opinyon yo sou si te gen nenpòt kritik sou sa oswa kisa k te ka di, e latrize. Yo te wè I anvan piblik la te wè I.

132 E Jezi te di: “Kèk nan nou ki kanpe isi a” (Amèn!) “p ap goute lanmò jouk yo wè Wayòm Bondye a k ap vini nan pwisans,” oswa, “wè Fis de lòm lan k ap vini nan Wayòm Li,” pito. “Wè Fis de lòm lan k ap vini nan Wayòm Li!” Kèk jou apre sa, Li te pran Pyè, Jak, ak Jan, epi te monte nan on mòn byen wo, epi men L te transfòme la a devan yo. Solèy la, k ap klere, pa t ap tankou rad Li ke L te mete yo. Konbyen fwa nou te frape I nan parabòl yo, nou te kouri sou li nan Bib la!

133 Ou ka pran on sèl tèks nan Lekriti epi mare tout Bib la anvanm avè I. Wi, mesye. Pa koule pyès kote! Tout benyen ak pwisans Bondye a. Dyab la pa ta ka file antre si I ta dwe fè I. Se vre. Li pa ka antre nan moun sen sa yo ki te fè temwayaj yo soti la a epi te kwè nan Wayòm Bondye a, epi te pran chak Ekriti epi te benyen L ak pwisans Sentespri a, lave L nan San an; mond lan pa ka antre ladan I, dyab la pa ka antre ladan I. Yo mouri, lavi yo kache nan Kris atravè So Bondye a, pa Sentespri a. Kijan dyab la ka deranje yo? Hmm! Men yo la a, nan kondisyon sa a kounye a.

134 Lòtbò nan kote sa, lè sa a, li te wè Vini an, oswa repetisyon an. E kisa k te premye a, te wè...bagay li te wè? Premye bagay li te wè nan Vini an se te Moyiz, ki te reprezante sen k mouri yo ki t ap resisite. Eli te kanpe la a.

135 O, M vle n remake kisa k pral pase. Men Moyiz te la, an premye; Sa se tout sis laj sa yo ke yo t ap dòmi, sis laj yo. Pa sèlman sa, men Eli te la a; mesajè dènye jou an, ak gwoup li a, de sa k transfòmè yo, sa k Anlve yo. Amèn! Kounye nan lavni; ap tann Vini an.

136 E kisa yo tout...? Tout te rasanble avè L. O la la! Kisa sa te ye? Pwomès Li pou Pyè, Jak, ak Jan, te akonpli. Se vre. Paske L te di: “Kèk ki kanpe isi a p ap goute lanmò jouk yo wè Fis de lòm lan vini nan Wayòm Li,” epi yo te wè repetisyon l lan. Alò apre sa, apre rezirèksyon an...

137 M ta renmen pot on lòt bagay pou nou; apre Jezi te mouri, antere, nan Sen Jan 21:20. Kèk kritik te kòmanse sa byen bonè. Dwat pandan nou nan leson an, ann netwaye l. Nan Sen Jan 20:21, Jezi te rankontre ak disip Li yo, te nouri yo ak pwason ak pen sou dife a. E antan yo t al sou rivaj la, Jan te apiye sou lestomak Li; epi Pyè te poze kesyon an, te di: “Kisa k pral rive nonm sa a?” Jezi te renmen Jan, Jan te yon nonm ki renmen. Epi l te di: “Kisa k pral rive nonm sa a? Ki byen l pral genyen? Kisa lavni l ap ye?”

138 Epi Jezi te di yo: “Kisa sa fè nou si l rete jouk Mwen vini, jouk Mwen tounen? Kisa sa ye?”

139 Epi disip yo te f on erè, yo te di ke “Jezi te di ke-ke-ke ‘l ta pral viv jouk nan Vini an.’”

140 Men Jezi pat fè okenn erè. Isi a menm nan Apokalips, chapit 4 la, Kris te kenbe Pawòl Li! Li te mennen Jan monte nan Syèl epi te fè repetisyon tout bagay la pou li. Glwa! Li-li te wè apèsi a. Li te wè l jis kòm si l te viv sou latè epi l te wè tout laj legliz yo k ap rive, jouk nan vini Seyè a, tout Liv Apokalips la. O la la!

141 Ou wè kijan pwomès Li yo enfayib? Kounye a, yo te chwazi w...Jak pou fè sa; Jan, nenpòt nan rès nan yo a; pa t ap menm kite Pòl wè l, di sa, anyen.

Li te di: “Kisa sa fè nou si l rete jouk Mwen vini?”

142 E kòm yo te di sa, Li te jis chwazi Jan epi te monte avè l epi te montre l tout bagay la anvan li te menm mouri, jis tankou l te viv tout bagay la nèt ale. Te montre l kisa sa t ap ye! (Frè Pat, èske sa pa mèveye?) O, ou wè, te pran l monte dwat. Isi a menm, chapit 4 la ak vèsè 2 a, pwouve l. “Li te montre l bagay ki te ye, ki la, e sa k ap vini.” Li te montre l laj legliz la, vini Jwif yo, fleyo yo k ap vide, Anlèvman an, Vini ankò a, ak Milenyòm lan, ak Kay Etènèl Sovè L la; jis kòm si l te viv anba a menm nan tout bagay la, epi l te wè tout ap rive. Ou wè? Ou wè? Li te jis monte avè l epi montre l fim lan-lan-lan ke L t ap fè a, kite l wè tout bagay la ki te fè repetisyon. O la la!

143 Li te pran monte. Te ranpli pwomès Li nan-nan Apokalips 4:2. Anvan lanmò l, li te pran monte nan Lespri a epi te wè bagay yo jis kòm si l te viv. Li-li te wè tout ki te fè repetisyon. Kidonk li te wè, nan on vizyon, egzakteman sa k ta pral pase epi kisa k te pase sou latè depi tan sa a jouk vini Seyè Jezi a. Montre l ba li nan vizyon an.

144 Kidonk lè sa a disip yo...oswa pèsòn ki te janm di ke L te di L t ap vini nan laj sa a. Li te di: “Kisa sa fè nou si, (osinon), si l rete jouk Mwen vini?” Apresa Li te monte avè l epi te jis fè repetisyon bagay la pou li epi te montre l kisa k ta pral rive. O, m jis renmen sa. Hmm. O la la!

145 Remake kounye a, ann wè kisa sa te ye:

E lamenn m te nan lespri a: e, men, mwen wè yon fòtèy nan syèl la ak yon moun chita sou li, sou fòtèy la.

146 Te g on “Vwa” ki te rele l. O, Vwa sa a! O, m pa ka rale kò m sou sa, Vwa sa a de Sila ki te dèyè l la. Apresa li te vire gade la a, epi L te montre l tout laj legliz yo, paske li te kanpe nan laj legliz yo, sèt chandelye lò yo. Apresa l te tande Vwa sa a apre laj legliz yo te sispann; Vwa sa a te kite tè a, te monte. Lè L te rive nan Laglwa, li te tande L di: “Monte bò isit la! M pral montre w kisa k pral rive anwo a.” O la la!

147 Vwa sa a! Ann pale sou Vwa sa a on minit; m gen kèk Ekriti ki ekri isi a. Ann al nan En Tesalonisyen 4, epi jis koute bò isi a kisa Vwa sa a pral di. O, nou tout konnen sa L pral di, san...anvan nou li l, pa vre? Nou konn sa k pral rive. “Twonpèt Bondye a va sonnen epi sila yo ki mouri nan Kris va leve vivan.” Èske se vre? Noumenm k ap make l, nan En Tesalonisyen 4:16 ak 17, “Vwa a,” Vwa sa a se te Vwa Kris la. Èske se vre? Vwa Kris la!

Paske...klewon Bondye a va sonnen, epi moun ki te mouri nan Kris, va leve soti vivan an premye.

...nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak yo...pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Seyè a.

148 Menm Vwa a ki te bay Jan lòd: “Monte,” menm Vwa a ki te di Jan: “Monte,” se menm Vwa a ki pral bay Legliz la lòd on jou (Amèn!), bay Legliz la lòd.

149 Epitou, menm Vwa a ki te bay Jan lòd pou l monte, se menm Vwa a ki te bay Laza mouri lòd pou l soti nan tonm lan, menm Vwa akanj sa a. Kris se Vwa akanj la, “Vwa akanj la,” ou wè. O, Vwa twonpèt Kris sa a te bay Jan lòd pou l monte, menm Vwa a te bay Laza lòd.

Èske n te remake nan tonm Laza a, Li te pale ak on Vwa fò. (Pat annik di: “Laza, soti.”) “Laza, soti!” Li te ba l lòd sot nan lanmò a.

150 Epi l te reponn: “Men mwen.” Epi l soti nan lanmò a, apre l te mouri epi kò l pouri.

151 Menm Vwa sa a te di Jan: “Monte bò isit la, M ap montre w kèk bagay k ap pare pou yo rive.”

152 Menm Vwa sa a ki va sonnen lè moun ki mouri nan Kris yo va leve vivan: “Paske twonpèt la...” Twonpèt la! Kisa k on twonpèt? Vwa Kris la, menm Sila a ki te sonnen epi ba li lòd pou l monte. Li te tande Vwa a tankou son on twonpèt epi l te di: “Monte isit la!” Ou wè kijan rezirèksyon an pral ye? Sa pral fèt nan on moman, anvan w bat je w. Son Vwa klè sa a, e l ap bay Legliz la lòd, ap rele: “Soti ladan l.” Gran Vwa sa a k ap bay lòd. Bondye, ede m tande l jodi a.

153 Jan mwen te souvan di... m konnen antan ke mòtèl, Rodney, m konnen ke gon gwo pòt sonm devan m, li rele lanmò. Chak fwa kè m ap bat, mwen a on batman pi pre de pòt sa a. On jou map dwe antre ladann. Men m pa vle antre ladann tankou on lach, ap kriye, ap rele. M vle antre vlope nan ròb Jistis Li, kote m konnen: ke m konnen l nan pwisans rezirèksyon Li; ke on jou lè l rele, map resisite nan mitan mò yo; lè Lap fè m parèt an Wo, lè twonpèt Bondye ap sonnen e ke mò yo an Kris ap resisite, si m vivan, map chanje an on moman, nan on bat je, e map monte ak lòt yo, nan rankont Seyè a nan lè a. Vwa twonpèt sa a, sonnen klè, fò. Hmm. Oh, se pral menm bagay la, menm bagay la lè Lap Vini.

154 Pa gen son ensèten sou Li. Pa ganyen ki te ensèten pou Jan lè l te tande Vwa sa a ki di: “Monte!” e l monte. Amen.

155 Lè Laza, nan mitan mò yo, nan tonb lan; e nanm li, depi kat jou ap vwayaje on kote, m pa konn kote l te ye, m pa kwè ke youn nan nou konnen. Kèlkeswa kote l te ye, sa pat fè okenn diferans. Li jis rele on sèl moun ke vè tap devore kò li; ki tap santi, nan tonb lan. Son klè Twonpèt sa a di: “Laza, soti la!” La a on moun, mouri e pouri, souke kò l e l soti nan tonb lan, ap mache. Pa ganyen ki ensèten sou sa, pa vre, frè m yo? Anyen ki ensèten sou sa!

156 Se menm bagay la aswè a, lè on Vwa klè di: “Pechè, repanti, Map ba w Lavi Etènèl.” Repanti, nou tout, e batize nan Non Jezikri pou remisyon peche nou, e nap resevwa don Sentespri a. Sa se apèl la. Pa ganyen ki ensèten sou Sa.

157 M son temwen ke Se vre. Gen lòt temwen, milyon moun nan lemonn antye jodia, ki temwen ke Se vre. Lè Bib la vini, Pawòl Bondye, chak Pawòl Bondye son twonpèt. Chak son

Pawòl la son twonpèt, twonpèt Levanjil la. E lè L sonnen, Se verite. Lè L di: “Jezikri, menm lan ayè, jòdi a, e pou tout tan,” pa ganyen ensèten sou Sa. Li se menm lan! Wi, msye.

158 “Repanti, batize nan Non Jezikri, nap resevwa don Sentespri a.” Pa ganyen ensèten sou Sa.

159 “Yon moun ki koute Pawòl Mwen e ki mete konfyans nan Moun ki voye M lan, I ap gen Lavi Etènèl. Yon moun ki kwè nan Mwen, menm si I te mouri, li gen pou I viv ankò. Yon moun kap viv e ki kwè nan Mwen pap janm mouri. Èske n kwè sa?” Pa ganyen ki ensèten sou Sa: “Li pral viv!”

160 “Moun ki manje kò mwen, ki bwè San mwen, li gen Lavi Etènèl, Mwen gen pou m fè I leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.” Pa ganyen ki ensèten sou Sa; anyen; Se yon son ki klè.

161 Oh, m konnen L, on jou, m tande L ki sonnen nan pòv kè ilandè mwen, mwen menm, on ti vye pechè. Ki jan sa ta ka janm ede m? Men m kwè ke L te yon son ki klè, mwen aksepte L. M son temwen ke Se vre.

162 On jou Lap rele nou ankò, nap soti nan mond lan. Pa gen dout sou twonpèt sa a. Wi, msye. Wi, msye, pa gen son ensèten, okenn lè.

163 Li sonnen jòdi a lè L rele nou, Se menm bagay la lè L di nou on bagay.

164 Kounye a, annou tounen a vèsè a:

E on... mwen wè, yon fòtèy nan sièl la,... (vèsè 2) ... ak yon moun chita sou li.

165 Remake, “Fòtèy la,” Li chita sou Fòtèy la. Li pat tounen desann nan lanp sèt branch yo kounye a, sou latè a. Anlèvman an te vini. Li te nan la Glwa, chita sou Fòtèy Li. M vle ke nou remake pi ba a, nap jwenn nan 5ie chapit la, se pat Fòtèy mizerikòd la. Se pat on Fòtèy mizerikòd ankò, se te Fòtèy jijman an. Se pat on Fòtèy de Gras, se on Fòtèy jijman paske dife ak zeklè ak tonè soti de li; fini, mizerikòd la fini, laj Egliz la fini. “*Moun ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye yo mèt kontinye fè sa ki pa dakò ak sèvis Bondye; Moun ki bon yo mèt kontinye fè sa ki byen; Moun k ap viv pou Bondye yo mèt kontinye viv pou Bondye,*” pa gen Fòtèy mizerikòd ankò.

166 Aswè a, San an depoze sou Fòtèy sa a e se yon plas mizerikòd pou tout pechè kap chache mizerikòd. Men jou sa a, li pap on plas mizerikòd lè a, lap on plas jijman avèk on Bondye fache ki chita la a. “Kote... si moun ki jis la apèn sove, kote pechè a ak mechan ap

ye?” Menm lè Lap vini nan nyaj laglwa Li, mòn yo ap eseye jwenn on kote pou yo kache. Ki bò nap rete, lè a?

San ki chè pase lò

Ki fè m blan tankou nèj;

Pa gen lòt sous mwen konnen,

Anyen pase San Jezikri.

167 Oh, lala, ala on leson! Pa gen son ensèten! E Fòtèy Li: “... e *L chita sou Fòtèy Li*. (Li pa la ankò.)

168 Kounye a, sa son lòt bagay, son prèv ke Legliz la anlve anvan Gran Tribilasyon an. Wè? Poukisa? Men Li sou Fòtèy lan nan Laglwa, e Legliz la ale, e apres a vin gen Tribilasyon an.

169 M toujou di epòk Noe, Noe te nan lach la anvan on gout lapli te tonbe. Lòt te an deyò Sodòm anvan dife a te tonbe. E Legliz la ap nan Laglwa anvan bonb atomik la tonbe. Se vre, anvan bonb atomik la tonbe.

170 Ou di: “E premye a?” Se te sou payen yo, pa sou Kreyen yo.

171 Kounye a, remake. Oh! Li fini travay Li sou tè a e Li pran Egliz Li, e kounye a Li voye jijman an. Mond lan rejte L, e L voye jijman Li. Li menm ak Egliz Li ale nan Laglwa.

172 Jan, la a sou zile Patmos la, on revelatè pou legliz la, li te on tip de Legliz ki eleve nan Laglwa: “Monte isit!” Ap montre...

Ou di: “Li te reprezante Legliz la?”

173 A tout sa yo ki tande Pawòl sa a, Jan te reprezante l. Amen! Jan te reprezantan San Jezikri a, temwayaj Pawòl la. Li te on temwen de batèm Sentespri a, avèk on kominyon pèsonèl ak Kris, e li te reprezante tout Egliz la; ke, chak òm ou fanm, gason ou fi ki te janm kwè nan Kris, ki te aksepte L sou menm kondisyon, yap rele l on jou: “Monte isit!” lap anlve anvan Tribilasyon an. Sonje, tan Tribilasyon an poko kòmanse.

174 Se moman an, jijman an ap pran plas. Yap montre Jan kounye a ki sa ki pral pase apre laj Egliz la. Wè? Alò, se te sa.

175 Kounye a, remake ankò nan 3ie vèsè a, ou 2ie, “yon Fòtèy nan Sièl la, ak yon Moun chita sou Fòtèy la.” Kounye a, menm Espri a ki te sou latè a, te pati e te ale nan Laglwa, e L

te chita (menm Jezi a ki avè nou aswè a) nan mizerikòd la, Li te pati nan Laglwa e L te chita sou Fòtèy la.

*E moun ki chita sou Fòtèy la, Figi moun lan te klere tankou piè bijou yo rele jasp la...
ak sa yo rele sadwan lan; Fòtèy la menm te nan mitan yon gwo lakansièl, ki te klere
tankou yon piè emwòd.*

176 Map kanpe, paske gen lòt frè ki pral preche.

Petèt ke map pran sa a demen maten, isit la. E alò: “ki sanble emwòd.” Oh, lala! Oh!

Gen moun prèske tout kote,

ke kè yo anflame (Èske nou pa renmen sa?)

... dife ki tonbe a Lapannkòt,

Ki netwaye yo e ki fè yo pwòp;

Oh, sa ap boule nan kè m kounye a,

Glwa pou Non Li!

M tèlman kontan m ka di ke m se youn nan yo.

177 Jan, ke Seyè Jezi te rele e konvoke, Bondye te pwomèt li lòt bò a ke l tap wè vini Fis de lòm lan. Pyè, Jak, e Jan, ansanm ak lòt yo ki prezan, lè Jezi te pale yo e te di: “Nan moun ki la koulye a, gen ladan yo ki pap gen tan mouri san yo pa wè Moun Bondye voye nan lachè a.” Li pat di ke “tout” te la, men “kèk”. Kèk jou apre sa, yo pati, e yo wè lòd rezirèksyon an kap repete, e yo wè vini Seyè a.

178 Eli te reprezante sen yo ki mouri... M vle di Moyiz, ki pral resisite. Eli te reprezante gwoup ki anlve a. Sonje, Moyiz te an premye, e apre vin Eli. Eli te dwe mesajè dènye jou a, li menm ak gwoup li pral gen rezirèksyon an... pral gen... eben, pral gen Anlèvman an, m vle di. Moyiz pote rezirèksyon an e Eli pote gwoup ki Anlve a. E, la a, tou de te reprezante jis la a.

179 E apre on moman, yo remake, e yo wè ke, e Pyè di: “Annou konstwi twa tabènak. Kite kèk nan yo sou lalwa, e kite kèk sou Eli, e ann ale (kèk nan yo) *konsa*.”

180 E pandan ke yo tap pale ankò, on Vwa pale e di: “Moun sa a se pitit Mwen, moun mwen chwazi a. Koute li!” E lè yo gade, yo jis wè Jezi, tout vin fè Youn. Oh, e Li te Limyé a, Verite a, Chemen an, Pòt la, Akansyèl la.

181 Oh, demen nou gon gwo leson, si Seyè a vle. Demen, nap pran “jijman yo”; nap pran “sadwan lan,” nap wè sal reprezante, ki wòl li jwe. E nap pran “jasp” la-la-la e nap pran... tout diferan pyè yo, e nap pran tout rive Ezekeyèl, depi nan Jenèz la, tounen nan Apokalips, nap retounen nan mitan Bib la, nap fè lyen antre yo, diferan pyè sa yo ak koulè yo, e ensidswit. E apre nap rale l vin touswit e nap wè si se pa sa. Wè? Nap wè si se pa menm koulè a, jis menm bagay la. E menm Sentespri a, menm Bondye a, kap montre menm siy yo, menm mèwè yo, kap fè menm bagay jan L te pwomèt li!

182 Li di Pyè, Jak, e Jan, e a sa yo ki te kanpe la a, tout disip Li yo, Li di: “gen ladan yo ki p ap gen tan mouri san yo pa wè Moun Bondye voye nan lachè a tounen tankou yon wa kap gouvènen.”

183 Li di Jan, Li di... Pyè di: “Ki sa ou pral fè avè l? Li... moun sa-sa, ki sa k pral rive l?”

184 Li di: “Sa sa ap fè w, si l wè M kap vini?” E Li kite l viv pou l wè li! Apre ke lòt yo mouri e yo pati, Jan te viv pou wè vini Seyè a kap repete ak pwisans, tout sèn lan dewoule depi tan li jiska Jijman yo te akonpli e ke Milenyum lan kòmanse. Jan wè l antye, e Milenyum lan fini, e Laj Wayòm lan kòmanse. Konsa Li kenbe Pawòl Li, pa vre?

185 Nap make l nan 2ie vèsè a. Si Seyè a vle, nap kòmanse 3ie vèsè a nan maten.

Annou koube tèt nou.

186 Konbyen aswè a, nan legliz sa a, ki konnen, frè m, ke, (sè), ke yap rele w on jou, ke ou pare ou non? Ke ou pare ou non, yap rele w pou rankontre Bondye. Twonpèt sa a pral sonnen; e lè lap fè l, lap kondane w, ou pap janm viv ankò e wap toumante nan twou lanfè dyab la pandan petèt milyon ane, oubyen lap rele w an Wo pou rankontre Sen ki nan Laglwa.

187 Jis otan se sèten ke Bondye te kenbe Pawòl Li pou Pyè, Jak, ak Jan; jis otan se sèten ke L te kenbe L pou Jan byenneme an, revelatè a; jis otan se sèten ke L kenbe pwomès Li atravè laj egliz yo; jis otan se sèten ke L te pwomèt nan dènye jou yo ke Li t ap voye desann yon lapli dènye sezon e t ap mennen menm Lespri a tounen ki te sou latè nan Li, Limyè a va vini nan tan aswè a epi montre menm Pwisans la, menm siy yo, ak tout bagay ke L te fè nan jou Pa L, Li t ap montre l ankò nan “Pòt louveri” sa a nan dènye jou an.

188 Men Li! Nou genyen L dwat avè nou kounye a, Sentespri a, Jezikri, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou se...L ap preche ban nou, L ap anseye nou, L ap eseye fè nou wè sa

ki bon ak sa ki mal. Se Sentespri a Limenm k ap pale nan bouch imen, ap opere pami èt imen, ap eseye montre mizèrikòd ak gras.

189 E nou poko resevwa L, e nan Vèy nwit Nouvo Ane sa a, èske n ta vle leve menm nou bay Bondye epi di: “Bondye, kite m resevwa Pwisans ki te sou Jan revelatè a, ke lè yo konvoke m, m ap parèt devan W nan lapè tankou l te fè”? Leve men nou. Bondye beni nou. Bondye beni nou. Jis toupatou nan legliz la. Bondye beni nou. “Kite m pare pou reponn a konvokasyon m lan.”

190 Papa Nou ki nan Syèl la, nan Vèy Nouvo Ane sa a...jis apeprè de zè kounye a e l ap fini, pral g on nouvo ane. Sa n te fè ane sa a nou fè l. Anpil bagay ke m te fè, ke, m wont tèt mwen; m repanti pou sa yo, Seyè.

191 E g anpil bagay ke m te fè ke anpil nan frè m yo pat konprann. Anpil nan frè m yo deyò nan chan yo pa konprann poukisa m te fè yo. Men, Papa, m te fè yo paske m te kondwi pou m fè yo. M priye, Papa, ke W pap janm kite m wont kondwit sa a. Men gide m, Seyè, pou m kontinye fè jan m kondwi pou m fè. Ede m, Bondye, paske mwen chache ak sensèrite pou m konn volonte W, ke m ta dwe fè l pou pote (jan W te montre m sa fè plizyè lane de sa lè m te kite legliz sa a) Pen Lavi a bay moun yo nan lemond. Lè m te wè gran mòn Pen sa a, ak Sen ak rad blan yo k ap sot toupatou sou latè pou manje Pen Lavi sa a. O Bondye, kite m-O Bondye, pa kite m janm, janm echwe pou m nourri moun yo nan Pen Lavi a.

192 Beni nanm sa yo ki grangou anndan isi a, ki leve men yo jis kounye a. Y ap chache plis Lavi. M priye ke W va ranpli yo ak Sentespri a, Seyè, chak nan yo. Bondye, akòde l. Ba yo benediksyon. Ede frè nou yo, toupatou.

193 Beni frè nou yo ki nan ministè a k ap pare pou monte ankò, kounye a nan kèk minit, lòt pral pale. Nou priye ke yo va distribye Pen Lavi a ban nou aswè a, Papa, antan n ap koute byen epi tande Vwa a ak respè. Akòde l.

194 Beni nou. E ke douvanjou nouvo ane sa a ak nouvo lespwa, ap mennen nouvo panse, nouvo revelasyon, nouvo pwisans, o, tout bagay. Ke sa renouvle ban nou ankò, Seyè, nan benediksyon ak pwomès Ou yo. Nou remèt tèt nou, ak lapriyè nou, nan men W. Nan Non Jezikri. Amèn.

Mèsi, frè m ak sè m yo.

195 [Frè Neville pale: “M sèten nou tout ka rejwi nou pat prese ditou e nou t ap pran plezi pou n te jis kontinye ap koute; paske Frè Branham isi a aswè a t ap pote mesaj sa a ban nou. E se mesaj la ki ankouraje nou paske nou konnen ke Bondyen ladan . Amèn.”-Editè a.] Lwanj

pou Bondye! [“E nan sa L te di Li kapab fè l byen jouk nan vini L ankò.”] Wi. [“E L ap fè l, pa sèlman sa, m te di souvan ke...nou di moun yo anpil fwa: ‘Èske n kwè ke Jezikri ka geri nou?’ e, byensi, dabitid nou ka fè yo dakò ak sa. Men bagay la se, èske n kwè Li pral geri nou kounye a?”] Amèn! [“Lè sa a pafwa moun yo di: ‘Ebyen, m pa konnen.’ Dam lan ki fèk mouri nan lopital la; m t antre al wè li, m di: ‘Sè, èske w toujou kwè ke Jezi sove?’ Li di: ‘Wi, m kwè.’ M di: ‘Èske w kwè ke Jezikri geri?’ Li di: ‘Wi, mesye, m kwè.’ M di: ‘Èske w kwè Li geri w kounye a?’ Li di: ‘Sa a m pa konnen.’ Epi m di: ‘Sè, ou ka konnen l paske pwomès la se pou ou.’] Amèn! [“Amèn. Li te fè pwomès la. Kounye a, pandan nou pral tande yon lòt nan frè nou yo isi a. Nou gen plizyè nan viwon lan e sa a...Nan Vèy Nouvo Ane a, nou pa g on pwogram ki ranje davans. Nou jis rasanble epi kite Bondye bouje antan L dirije epi kondwi.”] Amèn! [“E nou konnen, sa fè lontan depi n te tande Frè Pat Tyler epi bay temwayaj li oswa kèlkeswa sa Seyè a mete sou kè l. E n ap mande Frè Pat pou l pote kèlkeswa sa Bondye mete sou kè l. Men anvan l monte, on bon frè Kreyen dèyè la a, Frè Randall Hyman, e l isi a epi l gen talan pou Seyè a pou l chante epi n konnen. M te jis vle pou l ka sèvi ak talan sa a pou Glwa Bondye, konsa m pral mande Frè Randall si l te ka monte epi chante pou nou. Li te chante pou nou youn ou de fwa isi a epi m pral mande l pou l sèvi ak talan li ankò aswè a pou Seyè Jezi, si l vle. Si l vle vini kounye a pou chante pou nou. Li gen kèk ti jenn dèyè la a ke l ap ede okipe, men petèt li ka deplase kounye a pou monte epi chante pou nou. Pandan l ap fè sa, nou genyen Frè Kinder tou dèyè la a; byeneme frè Pannkotis, nou kontan pou li. E nou gen Frè J. T. Parnell dèyè la a on kote. M panse li chita dèyè isi a menm sou pati deyò nan ranje a. E m kontan anpil pou tout bon frè Kreyen sa yo...] Beeler la a. [...frè lafwa yo e annou wè.”] Frè Beeler dèyè la a. [“Frè Beeler dèyè la a, tou. Wi. Frè Beeler isi a e...”]